


Yon prensip konduit pèsonèl

Panse Kòrèk



“Fason yon moun panse, se konsa li ye nan fon kè l”
Pwovèb 23:7 (KJV)

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

“Fason yon moun panse...” vle di pwosesis lapanse. Sèvo nou se yon kado etonan e pèsonn pa kapab konprann li nèt. Men nou konnen 2 bagay li fè: li rezonnen epi li imajine. Rezonnen se plis pase kalkile, sa ki kondui nan konsèp, opinyon oswa konsiderasyon, tandiske imajinasyon bò pa li mennen nou nan lide oswa posibilite. Malgre toulede travay andedan sèvo nou (prosesè), majorite nan noumenm fonksyone plis nan youn pase nan lòt. Pandan nou kapab rezonnen byen epi plen lojik ak bonsans, nou kapab fèb nan kapasite pou nou kreye posibilite. Sa kapab poutèt yon move eksperyans oswa yon echèk.

Genyen kèk moun se rèvè yo ye; yo pa janm satisfè ak bagay yo jan yo ye. Se yon bon bagay pou genyen yo nan yon ekip, men sa kapab danjere tou si y ap fonksyone tankou endividi paske fokis yo se sou sa ki t a kapab egziste, yo kapab bliye pratike bonsans ak bon rezonnman nan prezan. Donk, jan pwovèb la di piwo a, “jan yon moun panse, se konsa li ye,” sa ki vle di nou kapab detèmine lavni nou lè nou siveye panse nou. Sa nou panse jodi a se sa nou va tounen demen.

Bondye vle pwoteje nou pou nou pa komèt zak la lè li kondane nou pandan li nan panse nou. Lwa a di tou, “ou pa dwe touye,” men Jezi te di pou pa rayi moun. Yon fwa ankò li te konnen rayisans gendwa lakòz ou touye. Pwoblèm la se nou dwe siv-

eye panse nou paske yo va grandi epi yon jou yo va tounen aksyon.

Lè nou konnen sa, eske vyolans timoun nou yo oswa mankdemoral nan sosyete nou yo t a dwe etone nou? Devine yon bagay. Nou kreye sa ak medya epi pwogram nou yo. Sa yon timoun oswa sosyete a vini demen se pwodui anvironnman nou kreye ak filozofi nou yo. Nou dwe sonje chema sa a:

Konesans kreye panse.

Panse va pwodui aksyon.

Aksyon va fòme abitid.

Abitid va detèmine desten nou.

Si nou vle yon lavni pozitif, nou dwe kontwole chema panse nou. Kesyon an se kijan nou kapab kontwole panse nou? Premyèman, nou dwe vle fè sa, epi si wi, nou kapab renouvle lespri ak panse nou lè nou kontwole sa k ap antre ladan yo. (Romen 12 :2)

Nou dwe seleksyone bon bagay pou nou li, pwogram televizyon pou nou gade, epi fè atansyon lè n ap

chwazi asosye nou. Nou dwe konsidere rezilta chak bagay nou mete nan lespri nou. Ki fwi li va donner? Nou dwe sonje sèvo nou tankou yon konpitè ki kapab pwograme selon chwa nou, epi li va donner fwi kòm-sadwa. Panse nou dwe konfòm ak valè nou chwazi pou nou swiv. Nou pa destine pou nou viv selon yon sèten jandevi oswa yon estildevi espesifik. Se yon kesyon chwa.

Bondye bannou libète pou nou chwazi. Desten sou kontwol nou. Si nou pa renmen kote nou ye oswa kote nou prale, nou kapab chanje li lè nou pran responsablite panse nou. Genyen yon lwa atraksyon; nou atire sa ki enterese nou.

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane pwogram devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Yon fwa yon lide louvri lespri yon moun, lespri moun sa a pa p janm tounen menmjan ankò.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete